

BIWO CHERIF NAN PALM BEACH COUNTY

3228 Gun Club Rd, West Palm Beach, FL 33406-3001

(VICTIMS' RIGHTS BROCHURE - CREOLE)

Bwochi sou dwa viktim genyen

Dwa ou genyen lè w viktim oubyen temwen yon krim

Enkli Dwa ak Sekou Legal pou Vyolans nan Kay/Vyolans ant Menaj



POU LJANS, RELE 9-1-1

Ou ka jwenn pifò repons pou kesyon moun poze souvan (FAQ) yo sou sitwèb nou an:

www.pbso.org

Operatè PBSO	(561) 688-3000
Dosye (pou jwenn kopi rapò)	(561) 688-3140
Enfòmasyon prizonye (prizon)	(561) 688-4340
Prèv/Pwopriyete	(561) 688-4210
Defansè Kont Krim Vyolan	(561) 688-4172
Defansè Kont Trafik Moun	(561) 687-6837
Defansè Viktim/Temwen	(561) 688-3974 or (561) 688-4162
Defansè Kont Atak Seksyèl	(561) 688-4195 or (561) 688-4187 ► Spanish (561) 688-3972
Liy Apèl Èd Kominotè ak Ljans	2-1-1 or (561) 383-1112 or (866) 882-2991
Liy Ljans pou Atak Seksyèl - 24 è	(866) 891-7273
Enfòmasyon ak Notifikasyon Viktim (V.I.N.E.)	1-877-VINE-4-FL (1-877-846-3435)
Panflè Dwa Viktim sa a konfòm ak Estat Legal Florid 960.001/Lwa Asistans Viktim (Florida Statute 960.001/Victim Assistance Act)	

Eskane kòd QR ki piba a ak telefòn Apple oswa Android pou yo gide w nan vèsyon elektronik Tiliv sou Dwa Viktim ou a ki disponib ann anglè, esppanyòl ak kreyòl ayisyen.



RIC L. BRADSHAW
CHERIF, KONTE PALM BEACH



TAB DÈ MATYÈ

Kiyès ki yon Viktim.....	3
Dwa Konsiltasyon pou Viktim Zak Kriminèl	4
Dwa Konsitasyon pou Viktim Sou Demann	4
Pwosesis Jistis Penal pou Adilt	6
Pwosesis Jistis Penal pou Timoun	8
Dwa Adisyonèl pou Viktim	8
Dwa Viktim – Dwa Marsy yo.....	12
Lwa sou Vyolans nan Kay	14
Resous Adisyonèl.....	16
Teyori Sikl Vyolans nan Kay la	18
Sant Kont Vyolans nan Kay nan Florid.....	19
Demann pou Dosye Piblik	20

Nou konsyan ke anpil moun panse ke lè w viktim oubyen ou temwen yon zak se premye fwa yo ann afè ak lajistis penal ak jistis timoun minè. Antanke viktim oswa temwen, ou gen sèten dwa nan sistèm la. Tiliv sa a se pou reponn kesyon ou ta ka genyen konsènan dwa sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon osijè dwa sa yo, tanpri kontakte biwo pwokirè jeneral (SAO) la epi/oswa òganizasyon ki responsab pou aplike lalwa (LEA) k ap travay sou dosye w.

NON AK NIMEWO IDANTIFIKASYON DEPUTY A: _____

NIMEWO DOSYE A : _____

KIMOUN KI VIKTIM?

“Yon viktim se yon moun ki sibi yon prejidik fizik, sikolojik oswa finansye dirèk oswa menasyon prejidi akòz yon moun fè oswa tante fè yon zak. **Ekspresyon “viktim” la gen ladann reprezantan legal viktim la, paran oswa titè yon timoun ki poko gen 18tan, oubyen paran ki pi pwòch viktim yon omisid, eksepte si yo pwouve ke enterè moun sa a ta an konfli reyèl oswa potansyèl avèk enterè viktim la. Ekspresyon “viktim” pa enkli akize a.** *Atik I, seksyon 16(b)(11), Konstitisyon Florida*

Tiliv sa a bay yon prezantasyon rapid de lajistis penal ak dwa ou genyen yo nan pwosesis sa a. Moun ki remèt ou tiliv sa a pa ka okipe plis pase yon pati/moun nan pwosedi sa a. Dènye paj nan tiliv sa a bay kowòdone òganizasyon ki kapab ede w.

Si ou pa kapab li feyè sa a, tanpri kontakte PBSO nan 561-688-3080 pou mande yon lòt fòm.

ANTANKE VIKTIM YON ZAK, KONSTITISYON FLORIDA GARANTI W DWA KI ANNAPRE YO

Atik 1, seksyon 16(b), Konstitisyon Florida

- **Dwa pou benefisye** yon pwosedi regilè epi pou yo trete w yon fason ki jis epi pou respekte diyite w.
- **Dwa pou yo pa** kraponnen w, pèsekite w oswa maltrete w.
- **Dwa**, pandan pwosedi jidisyèl a, pou yo pwoteje w yon fason ki rezonab kont akize a ak nenpòt moun ki aji nan non li. Sepandan, objektif la se pa pou etabli yon relasyon espesyal ant viktim yon zak epi nenpòt òganizasyon oswa biwo aplikasyon lalwa si pa gen okenn obligasyon espesyal, jan lalwa Florida defini sa.
- **Dwa pou** sekirite w ak byennèt ou ansanm ak sekirite epi byennèt fanmi w antre an konsiderasyon pandan yo etabli kosyon an, ikonpri etablisman kondisyon liberasyon pwovizwa aki ta ka enpakte sekirite ak byennèt ou oswa fanmi w lan.
- **Dwa pou** anpeche divilgasyon enfòmasyonoswa dosye yo ka itilize pou lokalize oswa pèsekite fanmi w oubyen ki ta ka revele enfòmasyon ki konfidansyèl oswa privejye.
- **Dwa pou** yo remèt ou byen w yo rapidman lè yo pa nesèsè kòm prèv nan dosye a.
- **Dwa pou** yo remèt ou tout byen w rapidman nan chak ka epi pou chak kondane remèt ou yo pou tout pèt ou te sibi yo, dirèkteman oubyen endirèkteman, akòz konpòtman kriminel la.
- **Dwa pou** benefisye yon pwosedi san delè ki pa rezonab epi dwa pou jwenn yon konklizyon rapid ak definitiv dosye a ansanm ak tout pwosedi konèks aprè jijman an. (Nan ka ki apwopriye yo, pwokirè a kapab depoze yon demann de bònfw pou yon pwosè rapid. Nan dosye ki pa gen pou wè ak pèn demò a, tout kontestasyon onivo Eta a epi tout pwosedi post-kondanasyon yo dwe fini nan yon delè 22an epi nan yon delè 5kan pou dosye konsènan pèn kapital la, mwenske tribinal la bay yon òdonans avèk konklizyon espesifik konsènan rezo kifè tribinal la pa t kapab fè l ansanm ak sikonstans yo ki te lakòz reta a).
- **Dwa pou** yo enfòme w osijè dwa konstitisyonèl ou yo epi pou yo enfòme w ke ou kapab mande konsèy yon avoka osijè dwa w yo.

ANTANKE VIKTIM YON ZAK, OU BÉNÉFISYE DWA KONSTITISYONEL ANNAPRE YO, DEPI W FÈ DEMAND LA

- **Dwa pou** yo enfòme w yon fason ki rezonab, presi ak san reta konsènan nenpòt pwosedi piblik ki gen pou wè ak ajisman kriminel la, ikonpri men se pa sa sèlman, pwosè a, pledwaye a, kondanasyon osvajijman an, epi fè akt de prezans, menmsi ou temwen nan pwosedi a, sof si gen yon règ ki di lekonntrè. **(Pou fè sa, pa bliye bay pwokirè yon adrès, yon imèl oubyen yon nimewo telefòn pou yo kontakte w rapidman, epi mete enfòmasyon sa yo ajou pandan y ap egzamine dosye w lan).** Epitou yo dwe enfòme w tou yon fason kir ezonab, presi ak san reta osijè nenpòt liberasyon oswa evazyon dedandè oswa delenkan an, ak kèlkeswa pwosedi a kote y ap mete youn nan dwa w yo an koz.

- **Dwa pou** yo tande pandan nenpòt pwosedi piblik ki enplike yon liberasyon pwovizwa oubyen nenpòt lòt fòm kontrent legal, yon pledwaye, yon kondanasyon, yon jijman oubyen yon liberasyon kondisyonèl, epi nenpòt pwosedi kote youn nan dwa w yo menase.
- **Dwa pou pale** avèk pwokirè a konsènan nenpòt antant pledwaye, patisipasyon nan pwogram dejidisyarizasyon avan pwosè a, liberasyon, restitisyon, kondanasyon oswa nenpòt lòt fason dosye a jere.
- **Dwa pou** founi enfòmasyon konsènan enpak konpòtman kriminel la sou w ak sou fanmi w bay moun ki responsab pou fè nenpòt ankèt sou fè yo oswa konpilasyon nenpòt rapò ankèt sou lè fè, epi pou fèyon jan pou yo teni kont de enfòmasyon sa yo nan kèlkeswa rekòmandasyon pou kondanasyon yo soumèt tribinal la.
- **Dwa pou** resevwa yon kopi nenpòt rapò konparisyon, epi yon kopi nenpòt lòt rapò oswa dosye ki pètinan pou egzèsis dwa viktim la, eksepte pou pati ki tounen konfidansyèl oswa ke lalwa egzanpte.
- **Dwa pou** ou enfòm osijè kondanasyon, pèn, jijman, lye ak dat enkasasyon an oubyen nenpòt lòt dispozisyon kondane a, osijè nenpòt dat ki prevwa pou liberasyon kondane a, ansanm ak liberasyon oswa evazyon kondane a.
- **Dwa pou** ou enfòm osijè nenpòt pwosesis ak pwosedi aprè-kondanasyon an, pou patisipe nan pwosesis ak pwosedi sa yo, pou founi enfòmasyon bay otorite liberasyon an pou yo pran yo an kont anvan nenpòt desizyon sou liberasyon, epi pou yo notifiye w konsènan nenpòt desizyon liberasyon konsènan delenkan an. Otorite liberasyon kondisyonèl oubyen antisipe a bay nenpòt moun dwa pou yo tande li si delenkan an te koze li ditò.
- **Dwa pou** yo enfòm w konsènan pwosedi klomans ak radyasyon yo, pou founi enfòmasyon bay gouvènè a, tribinal la, ak nenpòt konsèy klemans epi bay nenpòt lòt otorite pandan pwosedi sa yo, epi pou fè yon jan pou yo teni kont de enfòmasyon sa yo avan ke yo pran yon desizyon klemans oswa radyasyon; epi pou yo enfòm w konsènan desizyon sa a anvan yo libere delenkan an.

TOU DWA YO KONSTITISYON AN PREVWA, APLIKAB

Atik 1, seksyon 16(c), Konstitisyon Florida

Viktim la, avoka li, yon reprezantan legal viktim la oswa biwo pwokirè Eta a, sou demand viktim la, gendwa de plen dwa envoke epi demande aplikasyon dwa sa yo ansanm ak nenpòt lòt dwa yo akòde viktim la selon lalwa devan nenpòt jiridiksyon an premyè enstans oswa devan yon jiridiksyon dapèl, oubyen nenpòt otorite konpetan nan zafè sa a. Tribinal oswa nenpòt lòt otorite konpetan dwe kòmanse travay san delè sou demand sa a, epi pou fè sa, li akòde yon rekou san reta pou vyolasyon nenpòt dwa. Rezon nenpòt desizyon konsènan fason yo jere dwa w dwe endike akèl nan dosye a.

PWOSESIS JISTIS PENAL POU ADILT YO

Men etap jistis penal yo annapre a:

ANVAN-PWOSE A

Aprè li fin komèt yon zak kriminel:

- • Yon polisye gendwa arete delenkan an.
- Yon tribinal kapab livre yon manda darè.
- Yon biwo pwokirè a kapab depoze yon enfòmasyon; oswa
- Yon gran jury gendwa rekòmande akizasyon kote li ranvwaye yon miz ann akizasyon oswa yon prezantman.

PREMIÈ PATI - (aprè arestasyon an) Si defandè a pa kapab depoze okenn kosyon nan plizyè èdtan oplita apre arestasyon an oswa yo te arete li pou yon ti zak san kosyon oubyen li te komèt yon zak ki egzijè yon premyè konparisyon, tribinal la òganize yon odyans “premyè konparisyon”. Jij la decide si yo kapab libere defandè a epi, si repons la se wi, ki kondisyon ki nesèsè pou pwoteje w ak temwen epi piblik la.

ADMISYON – Si yon jwenn yon motif, biwo pwokirè a gendwa chwazi pou l depoze akizasyon epi konvoke sispè a devan tribinal la. Yo kapab mande w pou w kotnre ak pwokirè biwo w lan. Lapolis, pwokirè oswa nenpòt lòt ofisyèl gouvènman pa kapab mande oswa egzijè yon viktim yon enfrazsyon seksyèl pou li oblije fè yon egzamen poligraf oswa aparèy pou di verite kòm yon kondisyon ankèt la.

DEPO AKIZASYON FÒMÈL YO - Biwo pwokirè a gendwa depoze akizasyon fòmèl aprè li te egzamine rapò arestasyon yo nan men sèvis represyon yo, epinan yon delè 21 jou nan sèten sikonsans. Biwo pwokirè a lib pou li pouswiv ou pa yon moun pou yon zak kriminel. Biwo pwokirè a dwe enfòme viktim yo konsènan desizyon li.

ARANJMAN - Akize a enkilpe fòmèlman epi li plede koupab, non koupab oswa san kontestasyon. Biwo pwokirè Eta a pral kominike w dat miz an akizasyon an. Ou gen dwa pou w prezan pandan miz an akizasyon an. Nan sèten ka, p ap gen okenn odyans ofisyèl miz an akizasyon nan tribinal la.

ODYANS MIZ AN LIBÈTE (FIKSASYON KOSYON AN) - Si defandè a pa t reyisi depoze yon kosyon aprè premye arestasyon an, oubyen si kosyon an pa t fikse, defandè a gen dwa pou li resevwa yon odyans miz an libète sou kosyon. Biwo pwokirè a pral enfòme w osijè dat odyans lan epi ou pral gen posibilite pouw ekspriime w osijè miz an libète defandè a ansanm ak kondisyon yo yo enpoze li oubyen pou ou di pwokirè a sa w vle vreman.

KONFERANS PRELIMINÈ - Ke genyen anpil konferans preparatwa pou pwosè a (ikonpri konferans sou nan ki pwen dosye a rive) ki pèmèt tribinal la verifiye ke dosye a ap pwogrese regilyèman. Antanke viktim, yo pral enfòme w sou dat odyans yo. Ou pa oblije asiste nan odyans sa yo, eksepte si yo ba w yon manda konparisyon, men ou gen dwa pou prezan epi yon defansè viktim yo oubyen avoka w kapab akonpaye w oswa asiste nan pwosedi sa yo nan non ou, si ou vle.

DEKOUVÈT FÈ YO (PREPARASYON PWOSE A) -

Manda pou konparèt (sitasyon). Ou kapab resevwa yon manda pou konparèt pou yon pwosè, yon depozisyon (deklarasyon anba sèman) epi/oswa pou lòt odyans toujou. Yon manda pou konparèt konvoke yon moun pou li konparèt nan yon data k yon kote ki endike.

Depozisyon yo. Avoka defandè a kapab livre yon sitasyon pou konparèt pou yon depozisyon. Ou gen dwa pou mande yon defansè viktim Eta a mete adispizasyon ou oswa sektè kartatif ba w, pou li asiste nan depozisyon an ansanm avèk ou. Ou gen dwa, antanke viktim ki pa anprizone, pou yo pa oblije w asiste nan yon depozisyon nan yon etablisman penitansyè.

NEGOZYASYON POU PLEDWAR - Gen anpil dosye ki regle grasa yon negosyasyon pledwari kote defandè a plede koupab oswa non koupab san pwosè. Biwo pwokirè a dwe konsilte viktim yon enfrazasyon avan pou li finalize akò pledwaye a avèk defandè a.

PWOGRAM ENTÈVANSYON/DIVÈTISMAN ANVAN PWOSESIS LA - Daprè pouvwa diskresyonè li ak politik biwo li, biwo pwokirè Eta a kapab aksepte pou li itilize pwogram entèvansyon ak de-jidisyarizasyon anvan pwosè a.

Pwogram entèvansyon preyalab anvan pwosè a. Defandè yo ki pa t komèt plis pase yon (1) ti zak ki pa vyolan, yo akize yo te komèt yon ti zak oswa yon zak nan 3zyèm degre kapab libere nan kad yon pwogram entèvansyon anvan pwosè an, si administratè pwogram apwouve desizyon an epi avèk konsantman viktim la, pwokirè Eta a ak jij la. Si pwogram la reyisi, yo pral rejte akozasyon yo.

Pwogram divèsyon. De-jidisyarizasyon an sanblab ak miz a leprè kote defandè a aksepte responsab pou enfrazasyon an epi li libere anba souveyans pandan ant 6 mwa ak 1 lane. Pandan pwogram la, biwo pwobasyon an pral sipèvizè defandè a. Ou gen dwa pou bay pwokirè Eta a avi w osijè patisipasyon edefandè a nan pwogram de-jidisyarizasyon an.

PWOSÈ A

Anjeneral, pwokirè a prezante jij oswa yon jiri prè sou zafè a. Yo ka deklare defandè a koupab oswa pa koupab. Pwosedi a fini si defandè a deklare non koupab. Antanke viktim, yo ka mande w pou w vin temwaye.

Biwo pwokirè Eta a pral ede w pandan pwosedi sa a. Ou ka ekskli pou pa patisipe nan nenpòt odyans, pwosè oswa pwosedi konsènan enfrazasyon an. Dwa w yo konsènan faz jijman an liste nan tiliv sa a.

SANTANS LA

ANKÈT SOU PRE-SANTANS LA (PSI) - Ou gen dwa pou founi enfòmasyon konsènan enpak konpòtman moun ki fè enfrazasyon an sou w ak sou fanmi w bay moun ki responsab pou mene epi/oswa pou konpile ankèt anvan santans la (pre-santans). Ou gen dwa pou egzamine pati ki pa konfidansyèl nan ankèt preliminè a anvan odyans pou detèmine pèn la.

ODYANS KONDANASYON - Si yo deklare defandè a koupab oubyen si li plede koupab, jij la pral egzamine direktiv kondanasyon an, akò pledwaye yo ansanm ak lòt faktè toujou epi li pral detèmine tip pèn defandè a ta dwe resevwa. Ou gen dwa pou founi yon deklarasyon nan bouch epi/oswa alekri viktim la bay biwo pwokirè a nenpòt moman anva pou tribinal la pwononse pèn la.

OBSÈVASYON : Si viktim ak delenkan an t ap frekante menm ekòl la, paran viktim la gen dwa pou asiste a kondanasyon oswa a desizyon delenkan an epi pou yo egzije ke delenkan an oblije frekante yon lòt lekòl (atik 960.001(1)(s), Iwa Florida)

PWOSESIS LAJISTIS POU TIMOUN KI POKO GEN 18TAN

ADMISYON - Pwosesis kote yo detèmine kikote yon timoun ki poko gen 18tan pral plase jiskaske yo jwenn yon solisyon pou dosye sa a. Gen twa (3) fòm estati detansyon : lakay, non sekirize oswa sekirize.

PWOGRAM DIVÈSYON – Se yon altènativ pou pwosè a kote yo plase timoun minè a nan yon pwogram kominotè tankou arbitraj pou timoun minè, pwogram sèvis altènativ pou minè (JASP) oubyen nan yon plan tretman (plan Walker). Si yon timoun minèreyisi pwogram de-jidisyarizasyon an, anjeneral yo pral rejte akizasyon yo.

CHAJ FÒMÈL - Sa lè pwokirèEta a depoze yon deman devan tribinal la. Akizasyon an gendwa depoze devan yon tribinal pou timoun minè oswa devan yon tribinal pou adilt, selon tip zak la ak laj delenkan an.

ARANJMAN - Akize a enkipe fòmèlman epi li plede koupab, non koupab oswa san kontestasyon.

ODYANS ADJIDIKASYON - Pwosè timoun minè a, yo fèli devan yon jij. Jij la pral decide si minè a te komèt enfrazyon yo repwoche li.

ODYANS DISPOZISYON (SANTANS) - Lè yon rekonèt yon minèkoupab yon zak, tribinal la pral òganize yon odyans dispozisyon pou detèmine sanksyon yo pral enpoze li. Sanksyon yo kapab ale jiska sanksyon nan kominote a tankou miz a leprèv (pwobasyon) ak sèvis pou kominote a jiska asiyasyon lakay li.

DELENKAN JIVENIL YO JIJE TANKOU ADILT - Yo ka decide jije minè ki komèt zak ki trè grav kòmsi yo te adilt. Minè yo Timoun ki minè yo pusuiv kòm adilt kapab resevwa sanksyon kondanasyon ki pou adilt oswa pou minè.

Sa a se pa yon apèsi konplè sistèm jistis penal la, mè yon prezantasyon global fonksyonman pwosesis la. Chak tribinal epi chak dosye gendwa gen eleman ki pa gen parèy nan okenn lòt ka. Ou kapab kontakte pwokirè w oswa sèvis lapolis ou pou w kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan etap pwosesis jistis penal yo ak jistis pou timoun ki poko gen 18tan yo.

DWA SIPLEMANTÈ VIKTIM YO DAPRE LWA FLORIDA YO

- Ou gen dwa pou anplwaye yon konseye prive.
- Nan sèten ka, ou (oswa paran viktim la) ka gendwa pou resevwa yon endmizasyon finansye nan men Eta Florida a. Ou kapab jwenn enfòmasyon konsènan elijibilite opre biwo pwokirè jeneral Eta a, biwo lokal pou kowòdinasyon temwen yo (si genyen), sèvis represyon oswa Biwo endemnizasyon viktim zak, biwo pwokirèjeneral la - 1-800-226-6667, wèbsayt: www.myfloridalegal.com/pages.nsf. Dwa pou resevwa enfòmasyon osijè sèvis entèvansyon yo nan ka de kriz ak sèvis kominotè lokal yo ki disponib, ikonpri sèvis ki bay konsèy, lojman, asistans jiridik oswa lòt tip èd, selon sikonstans patikilyè yo. Nimewo telefòn pou sèvis sa yo endike sou dènye paj tiliv sa a. (sec. 960.001(1)(a)1, lwa Florida)

- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan etap pwosedi lajistis penal yo oswa jistis pou timoun minè ansanm ak fason pou yo kapab chèche jwenn enfòmasyon sou etap sa yo. (*sec. 960.001(1)(a)4, Lwa Florida*)
- Yon viktim ki nan prizon gen dwa, sou demann, pou l enfòm epi soumèt deklarasyon alekri nan tout etap pwosedi kriminel ak jivenil la. (*seksyon 960.001(1)(a)6, Lwa Laflorid*)
- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan mezi lapolis ak biwo pwokirè a ka itilize pou pwoteje w kont kraponnay epi/oswa pèsekisyon. Se yon zak 3yèm degre lèw itilize entansyonèlman kraponnay oswa fòs fizik; lè yon moun menase yon lòt moun oswa tante fè l; lè li konpòte li yon fason pou twonpe yon lòt moun; oubyen ofri yon avantaj oswa yon avantaj oswa yon gen pekinè a yon lòt moun. Si ou menase oswa yo kraponnen ou, pa ezite kontakte òganism ki konpetan an oubyen nenpòt ofisye lapolis. (*atik 960.001(1)(c), Lwa Florida*)
- Dwa pou viktim vyolans nan kay la enfòm osijè pwogram konfidansyalite adrès yo ke biwo pwokirè jeneral la ap jere. Ou kapab kontakte biwo pwokirè jeneral la nan 1-800-226-6667. Biwo pwokirè jeneral la kapab ede w ranpli dokiman sa yo, si sa nesèsè. (*atik 960.001(1)(c), Lwa Florida*)
- Dwa pou òganis oswa moun k ap pwograme konparxisyon viktim oubyen temwen, ki te pwograme pou asiste nan yon pwosedi penal oswa nan yon pwosedi lajistis, pou yo notifiye li rapid jan sa posib si gen nenpòt chanjman nan pwogramasyon dat yo. (*atik. 960.001(1)(d), Lwa Florida*)
- Dwa pou resevwa yon notifikasyon preyavi osijè pwosedi jidisyè ak post-jidisyè yo ki gen pou wè ak dosye a, ikonpri tout pwosedi oswa odyans ki gen pou wè ak :

Arestasyon akize a.

Miz an libète akize a ann atandan pwosedi jidisyè a, ansanm ak nenpòt modifikasyon nan kondisyon liberasyon yo pou mete ladann tou liberasyon sou kontwòl kominotè oubyen plasman nan milye travay.

Pwosedi yo nan kad pouswit oswa demand an delenkans (petition for delinquency) akize a, ikonpri depo akt akizasyon an; miz an akizasyon; desizyon ki konsènan akt akizasyon an; pwosè oswa odyans jijman an, odyans detèminasyon pèn la oswa desizyon an; revizyon ann apèl; modifikasyon pèn la aprè pwosè a; atak kolateral endirèk kont yon jijman; epi lè yo enpoze yon pèn anprizonman, detansyon oswa entènman envolonètè enpoze, liberasyon defandè oswa delenkan an ki poko gen 18tan fas a pèn anprizonman sa a, pèn detansyon oswa entènman envolonètè sa a; detansyon oswa entènman par ekspirasyon de la pèn oswa liberasyon kondisyonèl ansanm ak nenpòt reyinyon yo òganize pou egzamine liberasyon sa a. (*seksyon 960.001(1)(e), Lwa Florida*)

- Anplisde dispozisyon seksyon 921.143 Iwa Florida yo, dwa viktim yon zak kriminel ki debouche sou yon prejidi oswa yon twomatism fizik oubyen emosyonèl, oubyen nan sitiyaasyon kote viktim la se yon timoun minè oubyen nan ka yon omisid, titè a oswa fanmi viktim la dwe bay pwokirè Eta a opinyon li pou li kapab jwenn avi viktim oswa fanmi a osijè règleman nenpòt dosye penal oswa jivenil ki rezilta zak kriminel sa a, ikonpri avi yo konsènan:

Liberasyon akize a ann atandan pwosedi jidisyè a.

Akò de pledwari yo.

Patisipasyon nan pwogram

de0jidisyarizasyon anvan pwosè a.

Detèminasyon pèn akize a.

- Dwa pou mande pou pwokirè a oswa lapolis ede w esplike anplwayè ak kreyansye yo ke ou riske konfwonte ak chaj adisyonèl nan bidjè w lèw pran konje pou ede lapolis epi ou kapab sibi difikilte finansyègrav swa akòz zak la, swa paske w ap kowopere avèk otorite yo. (*seksyon 960.001(1)(i), Iwa Florida*)
- Sèvis represyon yo ak pwokirè Eta a pral enfòmè w konsènan dwa w pou mande epi pou jwenn restitisyon epi dwa w yo nan zafè egzeksyon, sizoka yon kontrevenan ki pa respektè lalwa pa peye. Pwokirè an pral mande w pou w ede l dokimante pèt ou sibi yo pou w kapab mande epi jwenn yon dedomajman. Si yon òdonans restitisyon konèti nan yon privilèj sivil oswa yon jijman sivil kont defandè a, biwo sekretètribinal la mete a dispozisyon nan biwo pa li yo, ansanm ak sou wèbsayt li, enfòmasyon sekretè Eta a, tribinal oswa bawo Florida founi konsènan egzaksyon privilèj sivil oswa jijman an. Avoka Eta a (State Attorney) pral enfòmè w si epi kilè yo pral kòmande restitisyon an. (*sek. 960.001(1)(j), Iwa Florida*)
- Dwa pou resevwa yon konsiderasyon epi yon asistans rezonab nan men anplwaye biwo pwokirè a, biwo shérif la oswa biwo lapolis la. Si ou fè demand la, yo pral ede w jwenn mwayen transpò ak estasyonman ki aksesib epi yo pral oryante w nan direksyon zòn datant apa pandan pwosè a, lè enstalasyon sa yo pral disponib. Si w fèdemand la, ou pral resevwa yon asistans pou eseye jwenn tradiktèpou w, lè sa posib. (*sek. 960.001(1)(n), Iwa Florida*)
- Dwa viktim yon enfraksyon seksyèl genyen pou oblije yo evakye pyès odyans la, avèk sètèn eksepsyon pandan temwayaj li, kèlkeswa laj li oswa kapasite mantal li. (*atik. 960.001(q), Iwa Florida*)
- Dwa pou mande, nan sètèn sikonstans, pou moun ki komèt enfraksyon an oblije chanje lekòl pase lekòl kote viktim la oswa frè ak sè li yo ap frekante. Si viktim yon enfraksyon yon minè te komèt, viktim la minè tou, oswa frè oswa sè viktim la ap frekante oubyen gen dwa pou frekante menm ekòl ak delenkan an, ministè lajistis pou minè a oswa ministè sèvis koreksyonèl yo dwe enfòmè paran an oswa titè legal viktim la ke li gen dwa pou frekante lekòl la kote yo te kondane delenkan an epi pou mande pou delenkan an frekante yon lòt lekòl (*atik 960.001(1) (s) Iwa Florida*).

- Dwa pou viktim la ki pa an prizon, pou li pa oblije asiste depozisyon preyalab nan yon etablisman penitansyè. (*atik 960.001(6), lwa Florida*)
- Obligasyon legal viktim la, paran/titè yon viktim ki minè oubyen paran ki pi pwòch yon viktim omisid, ki vle ke nenpòt enfòmasyon yo jwenn konfòmman ak chapit 960 lwa Florida yo, konsènan nenpòt zafè ki prezante devan yon tribinal pou minè, pa gen dwa pataje ak okenn pati aleksteryè, sof si sa rezonabman nesèsè nan kad yon rekou jiridik. (*sek. 960.001(8), lwa Florida*)
- Dwa pou konnen, nan sèten ka epi rapid rapid jan sa posib, si yon moun yo enkle de yon zak te teste pozitif pou epatit ak enfeksyon viris iminodefisyans imen (VIH) (*Seksyon 960.003, lwa Florida*)
- Dwa pou yon viktim yon enfraksyon seksyèl pou li mande prezans yon defansèviktim pandan egzamen mediko-legal la. Yon avoka yon sant èd pou viktim kadejak otorize pou asiste nan nenpòt egzamen mediko-legal. (*atik 960.001(1)(u), lwa Florida*)
- Si yon viktim te resevwa yon dyagnostik otism ouyen twoub espèktre otistik, limenm oswa paran oubyen titè li gen dwa pou mande pou yon ajan sekirite piblik fè yon efò de bònfw pou asire key on pwofesyonèl ki gen ekspètiz nan domèn sa a, tankou yon konseye sante mantal, yon edikatèspesyalize oswa yon travayè sosyal klinik fè akt de prezans pou tout antrevi avèk moun la. Tout chaj ki gen pou wèak prezans pwofesyonèl la pandan randevou yo, se viktim la, paran oswa titè a ki fè demand la ki ap dwe peye pou yo ; sepandan, defandè a dwe ranbouse viktim la tout chaj ki asosye ak prezans pwofesyonèl la pandan randevou yo, anplis de restitasyon ak sanksyon yo ke lalwa prevwa. (*atik 943.0439, lwa Florida yo*)
- Yon Viktim gen dwa, si yon avoka, envestigatè, oswa yon lòt reprezantan k ap aji nan non yon defansè nan kad pouswit penal, kontakte li pou chèche jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak yon pwosedi penal, pou li enfòm viktim la sou (1) non ak anplwayè moun k ap rele a (2) fè konnen ke moun k ap rele a ap aji nan non akize a. (*seksyon. 960.001(1)(v), lwa Florid*)

Dwa Viktim la

“Dwa Marsy yo”

Manman-Lwa Eta Florid, Artik 1, Seksyon 16

Artik 1, Seksyon 16 Manman-Lwa Eta Florid la bay viktim zak kriminèl dwa ki annapre yo

OU GEN DWA:

- pou benefisye pwosedi ofisyèl la nan men tribinal yo epi pou yo trete w ak ekite epi respè pou diyite w;
- pou pa viktim entimidasyon, pèsekisyon ak abi ;
- andedan pwosesis jidisyèl a, pou jwenn pwoteksyon rezonab kont akize a;
- pou yo teni kont de sekirite ak byennèt oumenm ak fanmi w nan moman yo fikse libète kondisyonèl oswa kondisyon mizan libète anvan pwosè a, ki ka afekte oumenm oswa fanmi w;
- pou yo tandè sa w en pou di nan nenpòt pwosedi piblik ki gen pou wè ak kosyon oswa mizan libète anvan pwosè;
- pou anpeche yo mete deyò enfòmasyon oubyen dokiman yo ka itilize pou lokalize oubyen pèsekite oumenm oswa fanmi w oubyen ki ta ka devwale enfòmasyon konfidansyèl oswa privilijye sou w;
- pou yo remèt ou zafè w yo rapidman, lè yo pa bezwen yo ankò kòm prèv;
- pou jwenn yon restitasyon konplè ak rapid nan chak ka epi nan men chak kriminèl yo kondane pou zak la pou tout pèt ki sibi, alafwa dirèkteman ak endirèkteman, akòz konpòtman kriminèl la;
- pou jwenn pouswit jidisyèl san reta ki pa rezonab pou yon konklizyon radpi ak final pwosè a ak nenpòt pwosedi aprè jijan ki asosye yo. (Nan ka ki apwopriye, pwokirè a gendwa prezante yon demann an bonfwa pou yon pwosè akselere, sa ki pèmèt pou yo prezante pwosè a nan 60 jou, an sipozan ke machaswiv sa a respekte dwa defandè a, epi yo avanse dat pwosè a. Nan afè kote yon moun te mouri, tout kontestasyon onivo Eta a, ak pwosedi apèkondanasyon an dwe fin fèt nan 2zan, epi afè kote yon moun te mouri dwe fini nan 5kan, eksepte si tribinal la anrejistre yon òdonans ak konklizyon espesifik konsènan poukisa tribinal la pa t reyisi fè sa ak sikonstans ki pwovoke reta a);
- pou yo enfòme w sou dwa sa yo epi pou chèche jwenn konsèy yon avoka konsènan dwa sa yo.

Epitou, si ou fè demann lan eksprè, w ap gen dwa adisyonèl sa yo:

- dwa pou resevwa yon preyavi rezonab, presi ak san reta, epi pou w prezan nan tout pwosedi piblik ki gen ladann konpòtman kriminel la, tankou, men se pa sa sèlman, pwosè, pledwaye, kondanasyon oswa adjidikasyon, menmsi ou temwen nan pwosedi jidisyèl a;
- dwa pou resevwa yon notifikasyon rezonab, presi ak san reta konsènan nenpòt liberasyon oswa chape defandè a ak pou nenpòt pwosedi jidisyèl kote yon dwa ou genyen antanke viktim ka enplike;
- dwa pou pale ak pwokirè a konsènan nenpòt aranjman nan pledwaye, pwoblèm restitasyon, patisipasyon nan oryantasyon (divèsyon) anvan pwosè oswa pwogram relach (lage) defandè a ak kondanasyon oubyen nenpòt lòt fason yo deside fèmen dosye a;
- dwa pou bay enfòmasyon nenpòt moun k ap mennen oswa konpile yon ankèt anvan-pwosè konsènan enpak zak kriminel la sou w oswa sou fanmi w, epi pou tribinal la teni kont de enfòmasyon sa yo. Kou rapò a fin fèt, ou gen dwa pou resevwa yon kopi rapò a, eksepte pou pòsyon ladan li lalwa egzije yo dwe rete konfidansyèl (sekrè);
- dwa pou yo enfòme w konsènan kondanasyon, santans, adjidikasyon oswa lòt dispozisyon yon kriminel ki kondane, dat yo pral lage li oswa dat li te chape lajistis;
- dwa pou yo enfòme w konsènan tout pwosesis ak pwosedi aprè-konviksyon yo, pou yo bay otorite responsab lage a pou li konsidere enfòmasyon yo anvan pou yo lage kriminel la epi pou yo notifye l konsènan nenpòt desizyon pou lage li. Dwa sa a se pou tout moun delenkan an te fè ditò;
- dwa pou yo enfòme w konsènan nenpòt pwosedi klemans oswa sipresyon konsènan delenkan an, pou bay gouvènè, tribinal, nenpòt konsèy klemans ak lòt otorite enfòmasyon nan pwosedi sa yo, epi pou yo konsidere enfòmasyon say o anvan yo pran nenpòt desizyon klemans oubyen sipresyon, epi pou yo notifye a osijè desizyon otorite sa a anvan yo lage delenkan an.

BRITALITE LAKAY

Pyès moun, pa menm yon moun ki rete ansanm avèk ou gen dwa pou l bay ou osinon menase w avèk britalite.

Si sa rive w, **GEN AKSYON OU KAPAB PRAN**. Rekonèt dwa jidisyè ak lòt opsyon ou genyen se premye etap pou kanpe abi a.

GEN YON LWA K AP PWOTEJE W

Si yon moun k ap fè w abize fizik oubyen seksyèl, ap menase w, fosman anprizone w, oubyen si yon fanmi oubyen moun nan kò kay ou ap rapouswiv ou ; gen yon lwa k ap pwoteje w. Fanmi oubyen manm kò kay ki vle di epou / epouz, ansyen epou / epouz, moun ki fanmi san oubyen maryaj, moun ki rete ansanm alèkile kou fanmi oubyen te rete ansanm anvan kou fanmi, ak moun ki paran yon timoun ansanm kèlkeswa si yo marye oubyen pa marye. Avèk eksepsyon moun ki gen timoun ansanm, fanmi oubyen manm kò kay dwe pou yo rete alèkile oubyen te rete ansanm nan menm lojman famiyal la anvan sa. Lwa a pwoteje w tou si w nan relasyon brital alèkile oubyen te nan relasyon brital sou dènye 6 mwa ki sot pase yo.

KISA LALWA A DI?

SI W VIKTIM BRITALITE LAKAY OSINON BRITALITE NAN MENAJ, ou gendwa mande pwokirè a klase yon plent kriminèl. Pou britalite lakay, pwokirè Palm Beach County a disponib nan nimewo 561-355-7433; e pou britalite nan menaj rele nan nimewo 561-355-7100. Se dwa w pou mande pwokirè a anrejistre yon plent kriminèl e se dwa w pou w al devan jij pou klase yon demann enjonksyon pou gen pwoteksyon kont britalite lakay, britalite kontini, britalite nan menaj, britalite seksyèl, oubyen rapouswiv si w se

- Viktim britalite lakay, britalite kontini, britalite nan menaj, britalite seksyèl, oubyen ou gen yon moun ap rapouswiv ou.
- Papa oubyen manman nenpòt timoun minè ki rete lakay ou e k ap chèche yon enjonksyon pou gen pwoteksyon kont britalite lakay, britalite kontini, britalite seksyèl, oubyen li yon moun k ap rapouswiv li. OUBYEN
- Si w gen bon rezon pou w kwè, swa pitit ou a ki minè oswa oumenm nan danje imedya pou n viktim nenpòt ki britalite lakay.

Sa kapab, men dwe nan limit pwovizyon ki

- Mande moun ki fè abi a pou l kite kay la.
- Anpeche moun ki fè abi a kominike ankò epi fè nenpòt lòt abi ankò nan kondisyon “san kontak” pou l gen yon libète pwovizwa, konsa sa ap bije moun ki fè abi a kenbe yon distans 500 pye ak kote w rete a, machin ou, biwo w, ak kote w ap travay la.

ÈSKE LWA SA A KAPAB EDE ?

Wi si pèsonaj sa a te fè w abi fizik oubyen seksyèl, oubyen si w gen rezon pou w krentif moun sa ap brital avè w. Lwa espesyal Florid sa a pèmèt ou gen yon jij ki pase LÒD pou abi a KANPE.

Papye a ki kòmanse pwosede sa a rele petisyon pou enjonksyon pou pwoteksyon kont britalite lakay oubyen petisyon pou enjonksyon pou pwoteksyon kont britalite nan sòti ansanm. Sa eksplike jij la nan men kilès ou bezwen pwoteksyon an ak egzakteman ki pwoteksyon ou bezwen. Grefye tribinal la va ba ou bon dokiman yo.

Si w kite kay ou a pou evite ou viktim abi, ou toujou kapab plase yon petisyon.

KISA JIJ KAPAB FÈ POU MWEN ?

Aprè yon plase petisyon w lan, jij lan kapab siyen yon enjonksyon tanporè k ap kite moun k ap fè abi a konnen li pa gendwa brutal avè w. Se jij la k ap ba w enjonksyon tanporè a. Dat tribinal la pwograme pou yon lodyans sou 15 jou. Se pou w ale nan lodyans lan pou pwolonjman enjonksyon an. Yon konseye nan Sèvis pou viktim nan konte Palm Beach la ap prezan nan lodyans lan pou l ofri w sipò. Apre lodyans lan, jij la ka pwolonje enjonksyon an pou jouk yon lane oubyen li gendwa bay yon enjonksyon final. Enjonksyon final la balab jouk tan tribinal la disoud li oubyen chanje li.

KISA ENJONKSYON AN FÈ ?

Men sou ki bagay jij la GENDWA pase lòd nan enjonksyon an :

- pou agresè a pa komèt okenn zak brutalite sou oumenm, pitit ou yo, ak lòt moun ki rete nan kay la avè w
- pou agresè a kite kay nou pataje a san pèdi tan
- pou agresè a pa pwoche lakay ou si nou pa rete ansanm
- pou w gen gad tanporè nenpòt timoun oumenm avèk agresè a genyen ansanm
- pou agresè a ale nan sipò ki founi konsèy

Jij la kapab pase lòd pou lòt moun ede dapre sikonstans yo. Men rezon ki fè sa ki genyen nan petisyon sa a ak prezans ou nan lodyans sa yo enpòtan - pou w kapab di jij la kisa ou bezwen ak rezon ki fè pou bezwen li.

KISA K AP RIVE SI GEN ABI OUBYEN MENAS KI FÈT ANKÒ ?

Yon moun ki refize swiv lòd yon jij pase kapab pran prizon. Si moun k ap fè abi a dezobeyi lòd yon jij pase, se pou w kominike avèk depatman lapolis la oubyen biwo cherif la epi montre yo kopi sètifye enjonksyon pou pwoteksyon an. Nan sèten sitiyasyon lapolis la ap arete moun k ap fè abi a. Si yo pa arete agresè a, viktim lan gendwa ale nan biwo grefye a epi plase yon deklarasyon ekri sou sèman pou fè rapò sou enfrazyon an.

AVOKA POU BRITALITE LAKAY - PRIVILÈJ VIKTIM YO GENYEN

Yon kominikasyon ant yon avoka pou brutalite lakay ak yon viktim se yon bagay ki "konfidansyèl" si sa gen pou wè avèk ensidan brutalite lakay la kote viktim lan ap chèche jwenn èd e se pa yon bagay ki sipoze pataje bay tyè.

Yon viktim gen yon privilèj pou refize yon pataj, epi anpeche tout lòt moun pataje yon kominikasyon ki konfidansyèl ki te fèt diran rekòmandasyon, konsèy, oubyen asistans bay viktim lan.

ZIGONAY VIKTIM / TEMWEN

Entèferans avèk yon viktim / temwen avèk menas oubyen aksyon revanch se gwo krim sa ye epi se sitiyasyon ajans lapolis lokal, biwo pwokirè a, ak tribinal la ap egzaminen epi fè posib yo pou korije sa. Si w gen pwoblèm, oubyen si oumenm oubyen fanmi w resevwa menas, rele depatman lapolis la oubyen biwo cherif la tanpri san w pa mize epi fè rapò sou sa ki rive a.

Pafwa apre yo are yon sispèk, avoka defans oubyen moun k ap fè ankèt pou yo gendwa eseye kominike avèk ou. Se tout dwa w pou w pale avèk moun, amwenske yon tribinal ba w lòd pou w pa pale sa menm. Toutfwa, ou pa gen obligasyon pou w pale sou ka a menm, amwenske ou resevwa yon manda pou yon depozisyon oubyen pwosè. Se tout dwa w pou w gen lavi prive epi pou yo kite w jan vle a. Si yon moun zigone w oubyen entimide w, tanpri avèti yon anplwaye responsab pou fè obeyi lalwa sou sa san w pa mize.

RESOUS ADISYONÈL

VYOLANS NAN KAY

Abuse Registry (Elderly and Children).....	1-800-962-2873
Atty. General's Offc. (Criminal Appeals).....	561-837-5000
Clerk of Court-Restraining Orders....	561-355-4506
Court Services (SOR, etc....)	561-355-6308
Florida Bar Lawyer Referral Service..	1-800-342-8060
Florida Rural Legal Services, Inc.....	561-820-8902
Online Intake.....	1-888-582-3410
Juvenile Assessment Center	561-840-4810
Legal Aid Central.....	561-655-8944
South.....	1-800-403-9353
PB Co. Victim Services - North	561-625-2568
Central	561-355-2418
South.....	561-274-1500
West	561-996-4871
Professional Probation Services (County).....	561-381-9072
State Probation Dept. (DOC)	561-837-5175
State Attorney's DOVE Unit	561-355-7433
State Attorney's Office.....	561-355-7100
Victim Compensation.....	1-800-226-6667
VINE (Inmate Release Notification) ..	877-846-3435

GWROUP POU KONSÈY AK SIPÒ

CARP/PATH (Substance Abuse).....	561-844-6400
Center for Info. & Crisis Svs	211 OR
.....	1-866-882-2991
Compass House (LGBT).....	561-533-9699
Foundcare	561-472-2466
Drug Abuse Foundation	561-732-0800
Family Health Counseling Center.....	561-433-0123
Families First.....	561-721-2887
Farmworker Coordinating Council	
Lake Worth	561-533-7227
Belle Glade.....	561-992-0603
Jerome Golden Center for Behavior Health (45th Street Mental Health Center).....	561-383-8000
So. Co. Mental Health Center ..	737-8400/495-0522
Women in Transition -YWCA.....	561-640-9844

ABRI PIBLIK

AVDA (Southern PB Co.).....	561-265-2900
YWCA Harmony House (WPB).....	800-973-YWCA 800-973-9922

SÈVIS POU FANMI AK TIMOUN

AAA-Area Agency on Aging.....	561-684-5885
Center for Family Services	561-616-1222
Children's Healing Institute	561-687-8115
Children's Home Society of South Coastal Florida.....	561-868-4300
CILO-Coalition for Independent Living Options (Disabilities)	561-966-4288
Community Partners/ Parent Child Center.....	561-841-3500
Dept. of Children & Family Svc's.....	561-837-5078
Gratitude House	561-833-6826
Guardian ad Litem.....	561-355-2773
High Ridge Family Center.....	561-625-2540
Hispanic Human Resources	561-641-7400
Home Safe	561-433-0060
Homeless Coalition	561-355-4663
MADD	561-683-5888
Place of Hope (Foster Care)	561-483-0962
Safe Harbor.....	1-800-433-0010
Safety Net Program.....	561-433-0060
The Sen. Philip D. Lewis Center	561-904-7900
Youth Services	561-242-5700

SÈVIS AFÈ EKSPLWATASYON MOUN

National Human Trafficking Hotline..	888-373-7888
Victim Services - SART Center.....	561-625-2568
Catholic Charities - Palm Beach	561-345-2008

Department of Children & Families
chwazi sant sou brutalite lakay
kote ou gendwa jwenn sèvis, wi:

**YWCA DOMESTIC VIOLENCE SHELTER
HARMONY HOUSE**

2200 N. Florida Mango Rd., Suite 102
West Palm Beach, FL 33409
(800) 973-YWCA

**AID TO VICTIMS OF DOMESTIC ABUSE
(A.V.D.A.)**

P. O. Box 66713
Delray Beach, Florida 33447-0667
(561) 265-2900

Si w bezwen sèvis konsèy nan kriz, avoka jidisyè, oubyen enfòmasyon sou sistèm jistis kriminèl la, rele tanpri yon konseye nan adrès ki pi pre w la.

SÈVIS POU VIKTIM NAN KONTE PALM BEACH

NORTH COUNTY

3188 PGA Blvd.
Palm Beach Gardens, FL 33410
(561) 625-2568

CENTRAL COUNTY

205 North Dixie Hwy. - 5th Floor, Rm. 5.1100
West Palm Beach, FL 33401
(561) 355-2418
TTY (561) 355-1772

SOUTH COUNTY COURT HOUSE

200 West Atlantic Ave., Suite 120
Delray Beach, Florida 33444
(561) 274-1500

WEST COUNTY

BILDIN BIWO GLADES

2976 State Road #15, 2nd Floor
Belle Glade, Florida 33430
(561) 996-4871

RAPE CRISIS/VIOLENT CRIME RESPONSE HOTLINE

(561) 833-7273
APÈL GRATIS: (866) 891-7273

TEYORI SOU SIK BRITALITE LAKAY

pa Lenore Walker

ETAP K AP FÈ TANSYON OGMANTE

- A. Tansyon ogmante nan dispit sou lajan, travay, timoun epi aktivite toulèjou. Joure, malveyansite ak friksyon ogmante.
- B. Viktim gendwa eseye kontwòle abi a avèk diferan teknik pou debat tankou evite, apeze oubyen bay legen.

ENSIDAN AGRESYON EGI


- A. Agresyon fizik kapab lakòz pa nenpòt kisa e se yon bagay ki pa ka prevwa.
- B. Agresyon kapab kòmanse nan pouse, frappe epi bouskile, epi gendwa pwogrese nan blesi ki pi grav, jouk nan lanmò menm.

ETAP LIN DEMYÈL

- A. Souvan agresè yo krentif patnè yo va kite yo kifè yo gendwa mande padon, pwomèt y ap chanje, sipliye padon epi jire y ap chanje konpòtman yo.
- B. Viktim ak agresè souvan rann neglijab toude gravite blesi yo ak volim konpòtman abizif la.

ENSIDAN AGRESYON EGI VIKTIM

TANSYON
OGMANTE



ETAP
LIN DEMYÈL

TANSYON KÒMANSE

REMAK SIPLEMANTÈ: _____

Nan lòt seksyon eta a, kominike avèk sant pou brutalite lakay nan lis annapre a ki pi pre lakay ou a.

SANT POU BRITALITE LAKAY NAN FLORID

Vil	Sant	Sitiyasyon kritik
Bradenton	Hope Family Services	941-755-6805
Brooksville	Dawn Center of Hernando County	352-799-0657
Bunnell	Family Life Center	386-437-3505
Clearwater	Haven Domestic Violence Center	727-442-4128
Cocoa	Salvation Army D.V. Shelter	321-631-2764
Dade	City Sunrise of Pasco County, Inc.	352-521-3120
Daytona Bch	Domestic Abuse Council, Inc.	386-255-2102
Delray Bch	Aid to Victims of Dom. Abuse	561-265-2900
Ft. Myers	Abuse Counsel and Treatment	239-939-3112
Ft. Lauderdale	Women in Distress of Broward	954-761-1133
Ft. Pierce	SafeSpace Dom. Vio. Services	772-464-4555
Ft. Walton Bch	Shelter House, Inc.	850-863-4777
Gainesville	Peaceful Paths	352-377-8255
Homestead	Advocates for Victims/Safe Space South	305-245-5011
Hudson	Salvation Army	727-856-5797
Inverness	Citrus County Abuse Shelter	352-344-8111
Jacksonville	Hubbard House, Inc.	904-354-3114
Kissimmee	Help Now of Osceola County	407-847-8562
Lake City	Another Way	866-875-7983
Lakeland	Peace River Center	863-413-2707
Leesburg	Haven of Lake/Sumter	352-753-5800
Key West	Domestic Abuse Shelter	305-743-4440
Miami	Metro Dade Adv. Victims.	305-758-2546
Naples	Shelter for Abused Women	239-775-1101
Ocala	Creative Services	352-622-5919
Okeechobee	Martha's House	863-763-0202
Orange Park	Quigley House	904-284-0061
Orlando	Harbor House	407-886-2856
Orlando	Women's Res. & Counseling	407-426-1250
Panama City	Salvation Army	850-763-0706
Pensacola	Favorhouse	850-994-3560
Punta Gorda	C.A.R.E	941-627-6000
Sarasota	SPARCC	941-365-1976
St. Petersburg	CASA	727-895-4912
Stuart	SafeSpace	772-288-7023
Tallahassee	Refuge House	850-681-2111
Tampa	Spring of Tampa Bay	813-247-7233
Vero Beach	Safe Space	772-569-7233
West Palm Bch	YWCA Harmony House	561-640-9844

SÈVIS TELEFONIK POU BRITALITE LAKAY NAN FLORID
1-800-500-1119

**DEMANN VERIFIKASYON DOSYE
OSWA KAZYÈ JIDISYÈ OSWA
ENFÒMASYON SOU ANTESEDAN
YON MOUN:**

Ou ka fè demann epi resevwa dosye nan
Pòtay Dosye Piblik Anliy nou an.

Eskane kòd QR piba a ak telefòn Apple oswa Android ou
pou gide w sou sistèm anliy la kote ka fè demann pou:

Rapò Ensidan • Rapò Aksidan
Verifikasyon kazye jidisyè • Lòt Dosye Piblik



TANPRI CHIRE LA A

BIWO SHERIFF KONTE PALM BEACH
ETA FLORID KONTE PALM BEACH

Nan dat _____ 20 _____, Mwen, _____
(DAT) (EKRI NON VIKTIM LA AN LÈT DETACHE)

Te resewva yon kopi Tiliv sou Dwa Viktim la DOSYE PBSO NIMEWO _____

Siyati Viktim la	Siyati D/S	Nimewo I.D.
------------------	------------	-------------

1. ☐ Wi – Antanke viktim pèsekisyon (FSS 784.048(2)), agresyon seksyèl, abi agrave sou timoun, vyolans nan kay, talonaj agrave (FSS 784.048 (3)(4)) oubyen kou ak blesi agrave (FSS 784.045), mwen mande palaprezant pou yo retire nimewo telefòn kay ak travay mwen, adrès kay ak travay mwen ansanm ak tout byen mwen genyen yo nan dosye mwen yo mande konfòmeman ak demann pou dosye piblik pou yon peryò senk (5) lane apatide dat ki endike sou fòm sa a.
2. ☐ Wi- Mwen mande Konfidansyalite konfòmeman ak Lwa Marsy an, Manmanm-Lwa Eta Florid, Atik 1, §16(b) jan sa endike anba la a:

Antanke viktim, mwen gen dwa dapre Manman-Lwa Eta Florid la, pou anpeche yo mete deyò sèten enfòmasyon oubyen dosye yo kapab itilize pou lokalize mwen oswa tizonnen mwen oswa fanmi m, oubyen ki ka devwale enfòmasyon konfidansyèl oswa privelejye sou mwen. Palaprezant, mwen mande pou yo retire imèl, nimewo telefòn ak adrès kay ak travay mwen ak fanmi m nan dosye mwen yo, si yo mande dosye mwen yo sou labaz yon demann pou dosye piblik!

**LAW ENFORCEMENT OFFICERS:
FILL OUT ALL INFORMATION
ON REVERSE SIDE;
IF 1 OR 2 CHECKED BY VICTIM,
TEAR OFF AND PROVIDE A COPY
WITH BOOKING DOCUMENTS AND
SEND ORIGINAL
TO CENTRAL RECORDS**